



22 Oktòb 2022

Medicare Kouvri Vaksen COVID-19

Vaksen kont COVID-19

Yon vaksen kont COVID-19 ede diminye risk pou maladi lè li travay ak defans natirèl kò a pou devlope pwoteksyon (iminite) an sekirite kont viris la. Medicare kouvri vaksen kont COVID-19 la ki ajou gratis pou ou. Vaksen ki ajou a vize souch orijinal COVID-19 viral ak 2 variants Omicron (BA.4/BA.5).

Si sistèm iminitè ou an defayans (tankou moun ki te fè yon transplantasyon ògàn epi ki gen plis risk pou enfeksyon ak lòt maladi), Medicare pral kouvri yon twazyèm dòz vaksen COVID-19 omwen 28 jou apre dezyèm dòz ou a.

Remak: Pa melanje vaksen yo pou twazyèm dòz ou a. Si 2 premye dòz ou yo te Pfizer, twazyèm dòz ou ta dwe Pfizer tou. Si 2 premye dòz ou yo te Moderna, twazyèm dòz ou ta dwe tou Moderna.

Mete ajou vaksen kont COVID-19

Medicare kouvri tou frè pou ou mete vaksen kont COVID-19 ou ajou gratis.

- Verifye Si ou te pran yon vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19, ou ka pran you vaksen pou mete w ajou omwen 5 mwa apre ou te fin pran dezyèm dòz ou nan seri vaksen Pfizer oswa Moderna COVID-19 la.
- Si w te pran yon vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19, ou ka pran you vaksen pou mete w ajou omwen 2 mwa apre ou te fin pran premye vaksen w lan.
- Si w gen laj 50 lane oswa plis, oswa si w gen yon sistèm iminitè ki an defayans nan yon fason ki modere jiska grav, ou ka pran yon dezyèm vaksen kont COVID-19 pou mete w ajou, gratis, omwen 4 mwa apre premye a. Dezyèm vaksen ajou ou a ta dwe se Pfizer oswa Moderna. Li pa bezwen pou li menm jan ak premye vaksen COVID-19 ou a.
- Lè w ale pou pran vaksen w lan, asire w pou w pote kat Medicare wouj, blan ak ble w pou founisè w la ka voye bòdwo bay Medicare. W ap bezwen kat Medicare ou menm si w enskri nan yon Plan Medicare Advantage. Si w bezwen yon kopi ofisyèl kat ou, konekte (oswa kreye) kont ou an sekirite nan sitwèb Medicare.gov pou enprime youn.

Metè ajou vaksen kont COVID-19 (kontinye)

- Si w ranpli yon fòm pou pran vaksen an, yo ka mande w nimewo gwoup konpayi asirans ou a. Si ou gen Pati B, kite espas sa a vid oswa ekri “N/A.” Si w gen pwoblèm ak fòm nan, pale ak founisè w la.
- Si w gen Medicare ak yon andikap oswa si w fè fas ak lòt pwoblèm pou w ale nan yon kote ki lwen lakay ou pou w pran vaksen, Medicare ap peye yon doktè oswa yon lòt founisè swen pou vin ba w vaksen kont COVID-19 lakay ou.

Aprann plis sou vaksen COVID-19 la

- Vizite [Medicare.gov/medicare-coronavirus](https://www.medicare.gov/medicare-coronavirus) foswa plis enfòmasyon sou pwoteksyon Medicare pou vaksen COVID-19 la ak lòt sèvis ki gen rapò.
- Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.
- Vizite [CDC.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus).
- Kontakte depatman sante lokal ou a nan [CDC.gov/publichealthgateway/healthdirectories/index.html](https://www.cdc.gov/publichealthgateway/healthdirectories/index.html).
- Vizite [Medicare.gov/coverage/coronavirus-disease-2019-covid-19-vaccine](https://www.medicare.gov/coverage/coronavirus-disease-2019-covid-19-vaccine).

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou soumèt yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [Medicare.gov/about-us/accessibilitynondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibilitynondiscrimination-notice) oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

